

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran panalungtikan ngeunaan média *ular tangga* dina pangajaran nulis aksara Sunda siswa kelas VII C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi taun ajar 2015, bisa dicindekeun sababaraha hal ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis akasara Sunda siswa kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupatén Sukabumi taun ajaran 2014/2015 saméméh ngagunakeun média *ular tangga* kagolong can mampu, rata-rata peunteun siswa nya éta 39,8 tina KKM 70. Ditilik tina jihat masing-masing aspék anu dipeunteun, presentase tingkat pencapaian 30 urang siswa dina nuliskeun aksara ngalagena nya éta 52,7%, aksara swara 30,0%, rarangkén luhur 34,2%, rarangkén handap 16,6%, rarangkén sajajar 24,7%.
- 2) Kamampuh nulis akasara Sunda siswa kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupatén Sukabumi taun ajaran 2014/2015 sabada ngagunakeun média *ular tangga* kagolong mampu, rata-rata peunteun siswa nya éta 70,3 tina KKM 70. Ditilik tina jihat masing-masing aspék anu dipeunteun, presentase tingkat pencapaian 30 urang siswa dina nuliskeun aksara ngalagena nya éta 78,3%, aksara swara 68,3%, rarangken luhur 61,4%, rarangken handap 51,6%, rarangken sajajar 67,2%.
- 3) Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis aksara Sunda di kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupatén Sukabumi 2014/2015 saméméh jeung sabada ngagunakeun média *ular tangga*. Hasil rata-rata *pre-test* 39,8 ngaronjat jadi 70,3.

5.2 Implikasi

Média *ular tangga* bisa dilarapkeun dina pangajaran nulis aksara Sunda. Matéri akasara Sunda anu aya dina ieu média nyakup aspék aksara ngalagena, aksara swara, jeung aspék rarangkén. Média *ular tangga* bisa dijadikeun salah sahiji média alternatif dina kagiatan pangajaran, hususna pangajaran nulis aksara

Muhammad Ridwan, 2015

MÉDIA ULAR TANGGA DINA PANGAJARAN NULIS AKSARA SUNDA: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMP PGRI Cibadak Kabupaten Sukabumi Taun Ajar 2014/2015

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sunda. Dilarapkeunna média *ular tangga* dina pangajaran nulis aksara Sunda kawilang ngirut jeung matak pikaresepeun siswa, sabab ieu média mangrupa inovasi média anu ngadumaniskeun antara kaulinan jeung materi aksara Sunda. Jadi siswa moal ngarasa bosen nalika diajar.

5.3 Rekomendasi

Dumasar panalungtikan ngeunaan média *ular tangga* dina pangajaran nulis aksara Sunda nu geus dilaksanakeun aya sawatara rekomendasi nya éta ieu di handap:

- 1) Média *ular tangga* bisa dijadikeun salah sahiji média alternatif dina pangajaran nulis aksara Sunda.
- 2) Nalika média *ular tangga* dipaké dina pangajaran, guru kudu nepikeun instruksi anu jelas ngeunaan naon anu kudu dilaksanakeun ku siswa, sarta kudu merhatikeun alokasi waktu.
- 3) Ku lantaran ieu panalungtikan naggunakeun métode kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni.
- 4) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngujikeun ogé aspék angka teu ngan sawates aspék aksara ngalagena, aspék aksara swara jeung rarangken hungkul.